CHIRAIRO

Mharidzo inozunguza yatapiwa neHama Pearry kubva muShoko raMwari. Ichokwadi zvakadii kuti "Tinodzivisa Mwari nokutarira Mwari nguva; lye haana nguva, hatifaniri kudero." Zvino usiku huno takatarisana nezvimwe, chirairo. (Tafura yaShe).

2 Ndakamirira makore matatu kuti pave nekereke muTucson, zvino yava pano. Hongu, tava-tava pano. Saka tinotenda Ishe, Akaita kuti timirire kuti tigokoshesa nzvimbo iyi ikozvino.

3 Zvino, pane chinhu chimwe chandinoda kutaura tisati tatanga chirairo, ndechichi, ndinotenda kuti takaona zvizhinji muzuva redu ratinorarama, zvokuti takafanira kupa (zvose) upenyu hwedu hwose kuna Mwari. Ti-tinofanira kushandira Mwari. Ndinotenda kuti akatiropafadza nemhinduro yaMagwaro. Sokuparidza kwaita Hama Pearry nguva duku yapfuura, kuti ti-tino-tiri panguva iya. Hatisi mapofu, ti-ti-tinoona kuti tava pano, ta-tasvika.

4 Uye tinokwanisa kutarisawo tigoona kuti pfungwa dzavanhu dziri kuvasiya. Kuti, hati-hatingagari nguva refu, tinenge tava munzvimbo yavanopenga, nyika yose ichadaro. Munoona? Saka ta-tava panguva yokupedzisira.

5 Zvino, sokupedzisa kwaita Hama Pearry, tichiona kuti zvinhu izvi ichokwadi, kana zviri chokwadi, hadzisi ngano. Hatizi kungofungidzira, zvinhu zvatakapiwa neShoko raMwari pamberi pedu, zvokuti tinoziva kuti tasvika. Ha-hatizivi kuti zvichatora nguva yakadini, nokuti tadzokera zvakare pakurindira, munoona, inguvai. Asi tino-tinoziva ta-tasvika, tava panguva iya. Kunyangwe nguva yaMwari ndingafungira . . .

6 Mumwe akambotsanangura achiti kana Mwari akamurega nezva . . . kana Akaverenga nguva, churu-churu chamakore izuva rimwe chete. Saka munhu akararama makore makumi manomwe, maminiti gumi mukuverenga kwaMwari. Munoona? Munoona? Kana kukanzi makore makumi mana, hapana kana nguva, kuna Mwari kungobwaira ziso. Munoona? Munoona, ndokupfupika kwenguva yacho, zvose izvi, ka-kana ava kuzvitarira nguva; asi, Iye haana nguva. Anogara nokusingaperi.

7 Ndinofunga ndiSara ari sure uko, kana Joseph humwe usiku akati kwandiri neHama Pearry, akati, "Baba, Mwari akavapo sei? Akabvepi?" Maona? "Aifanira kuva namavambo, handiti? Haana paakatanga here?"

8 Ndakati, "Kwete. China mavambo chese china magumo, asi chisina mavambo ndicho chisina magumo." Zvino, iye

anamakore gumi, zvakamuremera kugamuchira. Munoona? Ainzwisisa sei, kuti chinhu chisina mavambo? Kwete iye chete, kunyangevo neni. Munoona? Tese, munoona chi-chinhu chikuri kwandiri zvakatanga sei.

9 Zvino tiri kugadzirira kuita chimwe chinhu chinokosha.

10 Ndakabvunzwa mazuva mashoma apfuura nomumwe murume muKristu chaiye asi-asina kumbotora chirairo, aiziva kuti tinotora chingwa pachirairo. Ivo vanoita "chirairo pamweya." Kana riri izwi rokuti *chirairo* (*Communion*), ndingati zvakanaka nokuti izwi richidudzirwa rinoreva *kutaurirana*, munoona. Zvino hama yacho yakandipa rugwaro urwu, akati, "Hama Branham, hamufungi ikozvino . . . "

11 Zvino chikonzero ndichitaura izvi . . . Zvakanaka here Hama Pearry? [Hama Pearry Green vanopindura, "Hongu"—Ed.] Munoona, chikonzero ndichitaura izvi, kuti mugoziva zvamuri kuita. Hau . . . kana ukaita chinhu sebofu, hauzivi kuti kupi, kana kuti chii chauri kuita. Asi unofanira kuziva zvauri kuita uye nechikonzero chacho. Haungavi nokugutsikana kana usingazivi zvauri kuita.

12 Akati, "Zvino kana tichitora Shoko raMwari, haasi Mwari here atiri kutora?"

13 Ndikati, "Ndizvozvo chaizvo, hama, ichokwadi. Asi tinoverenga apa kuti vaka . . . Pauro akadzidzisa kutora chingwa pachirairo chaShe. 'Izvi itai muchindirangarira,' ndizvo zvakataurwa naJesu. 'Nguva dzose kana muchitora mukombe uyu kana kudya chingwa ichi munoparidza rufu rwaShe kusvikira achiuya'." Maona? Zvino, takafanira kutora chirairo.

14 Tinonzwisisa kuti Pauro, akazviraira kuti zviitwe muKereke, nokuti aiva muProfita weTestamente Itsva. Petro, Jakobo, Johane navamwe vose vakanyora (vana Mateo, Marko, Ruka) Zvakaitwa naJesu, savanyori. Asi Pauro akaisa zvinhu muhurongwa, aiva-aiva muProfita weTestamente Itsva. SaMosesi akaenda murenje kundogamuchira kufemerwa kuti anyore ma-maBhuku mashanu e-e . . . maBhuku mashanu okutanga eBhaibheri, Paurovo akaenda murenje akagamuchira kubva kuna Mwari, kuti aronge Testamente Itsva achienzanisa neyaKare.

15 Kare vaiva nechipiriso chegwayana, vaIsraeri vaiita izvi sokuyevuka. Gwai ranga rabaiwa kamwechete, vachibuda muEgipita. Asi vakaramba vachiuraya gwai muzvizvarwa zvose zvakatevera seyevuchidzo. Zvino, "kana murairo uri mumvuri wezvinouya," muri kuona?

16 Zvino, ndinotenda kuti *chirairo* (chatinoti "Chirairo," ikozvino) ndecho . . . "itafura yaShe."

17 Zvino, tine zvinhu zvitatu zvatakasiirwa kuti tiite: chimwe chazvo chi-chirairo; kugezana-tsoka; kubhabhatidza nemvura. Ndizvo zvinhu zvitatu. Ndiko kukwaniswa, kwezvitatu, munoona. Uye ndizvo zvitatu chete zvatakarairwa kuita. Tinoona kuti ndizvo zvakapiwa naPauro muTestamente Itsva.

18 Zvino, tikati "chirairo kunongova kugamuchira Shoko," Handitendi kuti pane munhu ane mvumo yokuuya patafura yaShe asati atora Shoko raMwari mumwoyo make. Murikuona? Nokuti ndicha . . . Ndichakuverengerai nguva duku iri kutevera kuti muone. Zvino, tarirai. Uye, sei zvino tichi . . . tichi . . .

19 Pamafungiro akadero tingaruramisa Hondo yoRuponeso (Salvation Army.) Havatendi rubhatidzo rupi zvarwo, "Haruna basa." Zvino, kane rubhabhatidzo rwemvura rusina basa, tinobhabhatidzirwei? Vanoti, "Mvura haikuponesi, asi Ropa ndiro rinokuponesa".

20 Ndinobvumirana nazvo. Ndizvozvo, Ropa rinokuponesa, kwete mvura. Asi *tinofanira* kubhabhatidzwa nemvura somufananidzo kuti basa renyasha raitwa mukati. Murikuona? Zvimwechete-vo nechirairo!

21 Kana tichigamuchira IShe, Chibairo chedu, matiri sokuberekwa patsva, uye muviri Wake, tinorarama nokuda kwake neShoko, tinofaniravo kuzviita nokuti murairo. "Tendeukai mumwe nomumwe wenyu mubhabhatidzwe neZita raJesu Kristu, kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu."

22 Pauro akati, "Nokuti ini ndakagamuchira kuna She icho chandakakupaivo, 'kuti Ishe Jesu novusiku bwaakapandukirwa, wakatora chingwa, akachimedura, akapa vadzidzi, a-akati, "Torai mudye, itai izvi muchindirangarira." Nokuti nguva dzose kana muchidya chingwa ichi, munoparidza rufu rwaShe kusvikira achiuya'." Zvino tinoona kuti mukuita izvi, vaiva navanhu vaiuya noku . . .

23 Iyi hama inodikanwa, hama chaiyo, akauya akati, "Handina-Handina kumbotora chirairo, Hama Branham, handinzwisisi kuti chii." Ndikati, "Ndakadzidziswa kutora chirairo."

24 Ndikati, "Asi ziva, tinobvuma kuti Pauro akazviraira muKereke yokutanga. Vaienda kubva kukereke . . . mudzimba dzavo, vachimedura chingwa, nomwoyo wakanaka, nezvakadero. Zvino," Ndakati, "Akazviisa muKereke. Va Garatia 1:8, akati, 'Asi kunyange kana mutumwa anobva kudenga, akakuparidzirai imwe evangeri, inopesana neyatinokuparidzirai isu, ngaave akatukwa,' murikuona, ndiye akaita kuti vakanga vabhabhatidzwa murubhabhatidzo rwaJohane, vabhabhatidzwe-zve muZita raJesu Kristu."

25 Munoona, pane zvinhu zvitatu zvatinofanira-zvinhu zvitatu zvatinofanira kuita somufananidzo: chirairo, kugezana-tsoka, kubhabhatidza nemvura. Murikuona? Pane . . .

26 Ungati, “Ko, va . . .” veSaravhishoni vanotora dzidziso yavo, “Pambavha, yakaponeswa pamuchinjikwa, paakafa haana kunge abhabhatidzwa, Jesu akati artange ari kuDenga.” Ndicho chokwadi chaicho. Asi, munoona, iye-iye-iye akaziva Jesu ava kufa. Munoona? Ndiyo bedzi-ndiyo chete nguva yaakawana. Aiva-Aiva mbavha, ari kure, ari kunze, Uye, paakaonera Chiedza, akachigamuchira, akadaidzira, Ishe, ndirangarireiwo!” Iye Jesu . . . chaiva chokwadi.

27 Asi kwauri neni tichiziva kuti tinofanira kubhabhatidzwa, tigoramba kuzviita, zvava pakati pako naMwari. Zvimwechete nechirairo!

28 Zvino, kana tichitora chirairo, hakusi kungoti, “Ndiri kuuya pano kuzotora chingwa, uye ndinotenda kuti ndiri muKristu.” Asi, kana ukaona, Bhaibheri rinoti, “Nokuti unodya nokunwa *asinganatsi* kunzwisisa muviri waShe, ane mhosva yoMuviri neRopa raShe.” Munoona? Unofanira kurarama upenyu huno-huno . . . pamberi pavanhu, hunoratidza kuti-kuti wakatendeka.

29 Ndino enderera nguva shomana. Zvino, muTestamente yaKare gwayana paraibaiwa mu-mutemo murairo. Zvinofanana nokubhabhatidzwa mumvura, murairo, kugezana tsoka murairo; neChirairo murairo. “Akaropafadzwa anochengeta mirairo yake yose, nokuchengeta mitemo yose, nemirairo yake yose kuti atenderwe muMuti woUpenyu.”

30 Zvino, tarirai panezvizvi, kuti pakutanga, Mwari paakaraira kuti vauye nechipiriso kukereke, kutemberi paaritari, kupa chipo chavo, kukubaira zvivi zvavo, chipiriso chegwayana. Asi, ndinoona imwe hama yechiJuda ichiuya, achiziva kuti ane mhosva, woenda kuaritari, nemombe kana nzombe, kana chipi zvacho chaaiva nacho, kana mukono wegwai kana gwayana, nezvimwewo. Aiuya naro nokutendeka kose, aiuya, kuchengeta murairo waMwari nokutendeka kose kwaaikwanisa.

31 Zvino aiisa maoko ake pamusoro paro, achireurura zvivi zvake, uye muprisita aiisa (zvivi zvake) pagwayana, rourawa, robva rafira zvivi zvake. Ari ipapo, gwayana richichema, nokubuda ropa, maoko ake azere neropa, richimupfachukira, (gwayana richichema, richifa,) aizoziva kuti atadza uye kuti pane chafa panzvimbo yake. Nokudaro aiuya negwayana iri kuti rizomufira. Murikuona, gwayana raifa panzvimbo yake. Izvi murume uyu aizviita akatendeka, kubva pakadzika pomwoyo wake.

32 Pakupedzisira, vakajairira kuzviita, vakajaira kusvikira yangova tsika. Murairo waMwari wakava tsika kuvanhu. Wouya zvino achiti, “Hazvinei, regai tione, nhingi-nanhingi nhasi, regai ndiende. Hongu, regai ndipire nzombe.” Aienda, “Zvino Ishe, heyi nzombe yangu.” Murikuona, hapasisina kutendeka, hapasisina kunzwisisa pazviri.

33 Zvino, hatidi kutora chirairo saizvozvo. Zvinofanana patinouya kutafura yaShe.

34 Isaya 35 . . . kwete, ndine urombo. Isaya 60 . . . Ndakanganisa zvakare, Ndi-ndi-Ndinotenda kuti ndi Isaya 28, ndipo patinowana izvi, ndinotenda kuti ndicho chitsauko chacho. Anoti, "Nokuti zvinongoti chirevo pamusoro pechirevo; murairo pamusoro pomurairo, apa zvishoma, napapo zvishoma. Mubatisise pane zvakanaka. Zvirokwazvo ndichataura norudzi urwu navanhu vane miromo yorumwe rudzi. Uye iri ndiro Zororo."

35 Akati "Matafura ose azara namarutsi. Ndianiko waartadzidzisa kunzwisisa Shoko?" Munoona? Ndinofunga ndirwo rugwaro rwacho, Isaya 28. "Ndianiko waartadzidzisa zivo?" Tarirai, "Matafura."

36 Zvino muzuva ranhasi chirairo ichi chatinotora usiku hwanhasi tichirangarira Rufu Rwake noMuviri Wake watinotenda kuti tinodya zuva nezuva, kana, watabva kudya hama ichitiparidzira. Kutora Shoko raMwari, tinoritenda nomwoyo yedu yose. Tinoona Shoko richiratidzwa, toripiwa, tinoriona richiSimbiswa, tinorinzwa muupenyu hwedu. Zvino tinofanira kuuya kutafura yaShe nokunzwisisa kwehana zvatiri kuita, kwete nokungoti murairo.

37 Unopinda mudzikereke, kazhinji vanopa mabhesikiti kana zvimwe zva-zvakadero, vomedura, kachingwa kana-kana zvimwewo, vovozvimedura, zvino vanhu vanoputa, nokunwa, nezvese, nokuti inhengo yechechi vanouya kuzotora Chirairo. Zvino zvakadero itsvina pamberi paMwari!

38 Kunyange pazvipiriso akati, "Nguva dzenyu dzamaSabata nezvipo zvenyu, handizvidi, zvinonhuwa." Asi ndiye akavaraira kuti vauye nezvibairo. Asi maitire avo, akasemesa Mwari, zvainhuwa (muMhuno dzake), chipiriso chaAkaraira.

39 Ndiwo magamuchirire atinoita Shoko raMwari, maKristu mazhinji nhasi (vanozviti maKristu) vanodero. Tinomira tichidzidzisa Shoko, kuti, "Jesu Kristu ndiye mumwechete zuro, nhasi nokusingaperi," nokudzidzisa zvinhu zvaakativimbisa kuti artazadzisa, toti, "Aa, hameno, zvaiva zveimwe nguva," maitire edu echiSodoma anonhuwa mumhino Dzake. Haazvidi, kana zvoita sei. Ndicho chikonzero, netsika dzedu!

40 Hautori Chirairo setsika. Unotora nokuti rudo rwaMwari ruri mumwoyo mako, kuchengeta mirairo yake. Munoona, ndizvo zvaunoitira.

41 Saka kana ukasazviita nokutendeka, ukazviita setsika, "Zvino kereke yedu inoita chirairo kamwe paSvondo, kana kamwe pamwedzi, kana kaviri pagore," wouya, uchiti, "Zvino yava nguva yangu kuti ndichitoravo," wo-wotora chirairo, izvozvo, zvinonhuwa kuna Mwari! Unoona, yangove tsika.

42 Chingava chinhu chipi zvacho, wa-wakafanira kutendeka. Mwari anoda pakadzika pomwoyo wako. Rangarira kuti Mwari akakuisa pano ndiye wauri kunamata. Wanzwa?

43 Uri kuita izvi nokuti Akadaro, nokuti murairo wake, zvino tinoda kuuya nokutendeka kwakaperera, tichiziva kuti neNyasha dzaMwari takaponeswa. Uye ti-tinomuda uye tinonzwa hupo hwake, uye ti-tinoona zvichishandura upenyu hwedu. Hu-Hunhu hwedu hose hwashandurwa. Ti-ti-tiri vanhu vakashanduka. Hatirarame sezvataiita, hatifungi sezvataiita.

44 Sebhuku riri pano, nezvatanga tichitaura zviri imomone-nezva maBhuku maviri kuti nderimwe chete, Bhuku roUpenyu. Bhuku roupenyu rokutanga, ndipo pawakaberekwa, kubva mudumbu raaimai. Muri kuona? Asi zvino neimwe nguva, pakadzika-dzika mauri, paiva netsanga yoUpenyu sezvandamboudza dzimwe hanzvadzi kumba masikati. Munoona, pane tsanga yoUpenyu irimo pamwe ungashamiswa kuti, 'Yakabva kupi? Zvi-zvii zvisinganzwisisike izvi?"

45 Ndinotaura izvi, ndichizviita muenzaniso, kuti pamwe ungati, "William Branham makore makumi mana apfuura, William Branham uya ndiye mumwechete nhasi." Mumwe woti, ". . .?. . . aiva munhu akaipa kwazvo." Murikuona? Nokuti ndakaberekwa na Charles naElla Branham. Muhunhu hwavo ndaiva mutadzi, ndakaberekwa ndichinyepa, netsika dzose dzenyika dzaiva mandiri. Asi pakadzika mandiri, maiva nohumwe Hunhu, murikuona, kutemerwa, hwakaiswamo naMwari. Mumuviri mumwe iwoyu, murikuona, hunhu huviri mandiri.

46 Zvino ndakazvipira kuhunhu humwe chete. Huchikura, ndaitaura somucheche, "Bab-ba." Chokutanga ndakatanga kunyepa, ndikava zvose zviri mutadzi, nokuti ndakakura nenzira iyoyo. Asi mandiri maiva nechidimbu chidiki choUpenyu nguva yose.

47 Ndinomborangarira, ndiri mukomana mudiki. . . (Ndinovimba handizi kukunonosai. Asi ndichiziva. . .) Ndiri musango. . . pa-pamahombekombe orukova, ndaigara ipapo ndichitarira zvakandipoteredza pa-nguva dzousiku. Baba namai, vaenda (kufa) kundozorora. Mazuva iwawo vaiva vatadzi, panga pasina chiKristu mumba medu. Uye, ini zvangu, kunwa, mitambo, nezvakadero, zvaindirwarisa, Ndaitora mwe-mwenje wangu nembwa yangu ndoinda musango, kundogara ikoko usiku hwese. Munguva yechando ndaindovhima kusvikira mutambo wapera, pamwe zuva rava kubuda mangwanani. Ndikauya kumba, vasina kupedza, ndaienda pamusoro peshedi ndovata, ndichimirira kuti kuedze.

48 Ndairangariravo nguva dzandaienda musango muzhizha, ndounganidza zvimiti kuti zvidzivirire mhepo, kana kwanaya, Ndaigara ipapo matanda akanyudzwa mumvura, ndichiraura,

imbwa yangu yakazorora iri padyo. Ndaiti, "Tarira, unoziva kuti muchando ndaiva pano humwe usiku ndikavesa moto pano ndichimirira imbwa yangu kuti iuye, ndakavesa moto pano. Chando chakaomesa pasi ma "inches" mashanu muvhu. Asi ruva ndiani akauya kuzokusima? Wa-wakabva kupi?" Murikuona? Ruva iroro ndingati, "Sei, panga pakaoma nechando nezvese, ndikavesa moto pawakazomera. Chisiri chando chete, paiva nokupisa komoto wandakavesa padanda. Asi uri pano (ruva) unorarama, wakabva kupi?"

49 Chakanga chiri chii? Paiva nomumwe William Branham. Murikuona? Chidimbu choUpenyu Husingaperi imomo kubva ku-ku kumbeu yaMwari, Shoko raMwari rakaiswa imomo. Mumwe nomumwe wenyu anogona kufunga zvinhu zvakafanana nezvizvi. Murikuona, Imbeu yaishanda.

50 Ndotarira kumiti ndorangarira kuti, "Shizha, ndakaona uchizuka gore rapera, zvino watungira? Wakabva kupi? Wakatungira sei?" Muri kuona, Hwaiva Upenyu Husingaperi huchishanda mandiri.

51 Zvino rimwe zuva ndichifamba, inZwi riya richitaura neni, "Usaputa, kunwa nezvimwe." Vadiki nesu tose tinokura. Muri kuona, pane chaishanda.

52 Asi pakarepo ndakatarisa kudenga, ndikati, "Handizi mwana waCharles naElla Branham. Pane chiri kudana." Sorungano rwangu rwechapungu, "Handizi huku. Pane chiri kumusoro, kudenga. Ishe Jehovha, kana muri ani, ndizarurirei! Ndinoda kuuya kumusha. Pane chiri mandiri chiri kudana."

53 Ndakaberekwa kutsva. Chidimbu choUpenyu chaivamo, mvura ikadirwa pambeu, ikatanga kukura. Zvino upenyu hwakare hwakaregererwa, ndokuiswa mugungwa rokukanganwa raMwari, kuti zvisamborangarirwazve. Muri kuona? Zvino tinoruramiswa (setisina kumbotadza) muHupo hwaMwari.

54 Zvino kana tichiuya patafura yaShe, tinofanira kuuya nokukudza, rudo, nokumuremekedza, "Tarirai kuti tingadai tiri kupi pasina Iye." Muri kuona? Tarirai kuti zvainge zviri . . .

55 Saizvozvo, Pauro, ndinofunga, akati, "Ndizvozvo, hama dzangu, kana muchivunganira pakudya, miriranai." Ndiko kuti namamwe mazwi, mira nguva shomanana wonamata, wozviongorora. Kana uchiziva hama pakati penyu, ava kuda kuita chinhu chakaipa, kana zvimwe, munamatire, vo. Maona? Maona, "miriranai," mira zvishoma, unamate. Kana pane kufungirana pakati penyu kana zvimwe, usa-usaita-usaita, tanga wagadzirisa izvozvo. Murikuona? Enda ugadzirise izvozvo kutanga, nokuti tinoda kuuya nomwoyo yakachena sezvatinokwanisa, pfungwa dzedu kuna vamwe nokuna Mwari, napakati pedu, tozouya kuzoyanana patafura yaShe. Munoona?

56 Tinoita izvi nokuti tiri kupa kutenda kwaAri, napakati pedu. Tichidya chingwa, nokunwa mukombe pakati pedu seRopa Rake neNyama Yake.

57 "Kana musingadyi Nyama yoMwanakomana womumhu, nokunwa Ropa Rake, hamunoupenyu mamuri." Murikuona? Munoona, ndizvo zvinotaurwa neBhaibheri. Kana mukasaita hamuna Upenyu mamuri. Muri kuona? Unenge wava kuratidza kuti unonyara kuva muKristu, nokuda koupenyu hwaunorarama. Izvi zvinoratidza paumire. Ukasazviita hauna Upenyu. Ukazviita usina kukodzera unemhosva yomuviri waShe.

58 Zvakafanana nokubhabhatidzwa nemvura. Kana tichiti, "Ndinotenda Jesu Kristu, Akatiponesa muzvivi, tobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu," sei, tino-tinounza kumhurwa kwaAri, kana tichiita zvinhu zvakaipa uye tino-tinozorangwa nokuda kwazvo. Chimwe ndechokuti, kana tikaita izvozvo, tiri kutaura zvinosiyana nezvatinorarama izvozvo, tiri kutaura zvinosiyana nezvatinorarama.

59 Ndiyo nhamo yedu nhasi. Zvandinofunga . . . Ndinoti "*isu*," ini nekereke Mwari yaakanditendera kuparidzira munguva ino yokupedzisira, tinotenda kuti tiri munguva yokupedzisira. Ndinotenda kuti Mwari akatipa Shoko. Zvakatemerwa naMwari, zvikaziviswa, zvikapupurwa naMwari. Zvino tinofanira kuuya nokukudza norudo, uye nomwoyo wakachena nepfungwa nendangariro.

60 Munoziva, nguva ichazvika iyo-iyo pakati pedu partava . . . Mweya Mutsvene uchataura sezvawakaita kuna Ananias naSaphira. Murikuona, Nguva iyoyo iri kusvika. Murikuona? Uye tino . . . Zvino, zvirangarirei izvozvo, tarirai, kuti Mwari artagara pakati pavanhu vake. Ndizvo zvaanoda kuita ikozvino.

61 Ndingagamuchira mharidzo seizvi . . . Dai ndaiva jaya ndichitsvaga mukadzi, ndowana mukadzi, "Akakwana. Ari muKristu. Ari mudzimai. Ari zvose izvi, ndichivimba naye." Hazvina mhosva ndinovimba naye sei, kana kufunga kwangu kuti akanaka, ndinofanira kumugamuchira, iye wondigamuchira, munoona, pamhiko idzodzo.

62 Ndizvo zvimwechete zvatinoona muShoko rino. Tinoona kuti ichokwadi. Tinoona kupupura kwaMwari kuti nderechokwadi rakakwana chaizvo. Gore negore, harishanduki, rinoramba rakadero. Zvose zvaAnotaura, zvinoitika samataurirwe azvinoitwa. Zvino, tinoziva nderechokwadi, asi onai, haikona kuzviita kubva pakunzwisisa kwepfungwa. Kana ukadero, unokunamata kokutevedzera. Waona? Hatidi kunamata kokupiwa navamwe, zvakaitika kuna vamwe isu torarama partapupu chavo.

63 Ndinofunga ndiJesu akati kuna Pirato, kuti, ndima (verse) yandanga ndafunga, iye akati, "Ndiani akakuudza?" Kana,

"Zvakazarurwa kwauri? Wakaziva sei zvinhu izvi?" namamwe mazwi. Handichazivi kuti izwi rakafanira racho nderipi ikozvino pava nenguva pandakazviverenga, asi "Wazviziva sei, wataurirwa navamwe, kana chizaruro chakakwana kubva kuna Mwari?" Yaiva nyaya yokuva kwake Mwana waMwari. "Ndiani akakuzarurira? Pano munhu akakuidza here? Kana," sokutaura kwaJesu, "NdiBaba Vangu vari kudenga vakuzarurira?" Munoona? Munoona? "Wakazviziva sei, zvokunzwa kana kuti chizaruro kubva kuna Mwari?"

64 Chirairo ichi ndinoenda kwachiri, somurairo, kuti "Zvino vamwe vari kutora, ndichatorawo?" Chizaruro kuti ini ndiri nhengo Yake uye ndiri nhengo yako, uye ndinokuda, uye ndinoMuda. uye tinotora izvi pamwechete somufananidzo worudo rwedu kuna Mwari, norudo Nokuyanana kwedu.

65 Zvino ndinoda kuverenga kubva muShoko, zvino ndinofunga . . . Munodini . . . Maitire ese Hama Pearry avanoda kuita nhasi. Mungaverenga neni, kana muine maBhaibheri. I Vakorinte, chichitsauko II (gumi nechimwe), uye kutanga pandima 23 (makumi maviri nenhatu).

66 Uyevo zvakare, paTabenakeri pedu, tinotora chirairo nokugezanatsoka, pamwechete, nokuti zvinoitwa pamwechete. Ndinovimba kuti hama yazivisa kuti "Chitatu manheru," nokuda kwavanhu vakawanda uye hapana nzvimbo yoku . . . nzvimbo yokuti vanhu vakwanise kugezana tsoka, saka varta-vartazviita Chitatu chino usiku.

67 Zvino ndima 23 yechitsauko 11 chavakorinte yokutanga, tererai Pauro zvino. Zvino rangarirai, muchengete izvi mupfungwa menyu, vaGaratia 1:8, "Asi kunyange isu, kana mutumwa anobva kudenga, akakuparidzirai imwe evhangeri," (inopesana neyatinokuparidzirai) "ngaave wakatukwa." Maona?

> *Nokuti ini ndakagamuchira kunaShe icho chandakakupaivo, kuti Ishe Jesu novusiku hwaakapandukirwa, wakatora chingwa; Akati avonga, akachimedura, akati: Ichi ndiwo muviri wangu unomedurirwa imi; itai izvi muchindirangarira.*

68 Zvino, ndichamira ipapo, munoona. Asi kutora muviri waShe Jesu Kristu patafura yaShe hazvirevi kuti chingwa chinova muviri chaiwo waKristu. ChiKatorike. Handitendi kuti ndizvozvo. Ndinotenda kuti unongova murairo wakaitwa naMwari kwatiri, munoona, hazvishanduke kuva muviri wake chaiwo. Chi . . . Zvino, chingwa chisina mbiriso chete. Unongova murairo.

69 Zvakare handitendi kuti rubhabhatidzo rwaJesu Kristu (muZita raJesu Kristu) mumvura kunosuka zvivi. Handitendi kuti . . . Ndinotenda kuti ungabhabhatidzwa zuva rose . . . Zvino. Ndinoziva kuti pangava navanhu vakagara muno vanobva

kuApostolic Faith, ndinoreva, (UPC) yeUnited Pentecostal Chechi, vanodzidzisa izvozvo. Asi, unoona, Handi Handitendi kuti mvura inobvisa zvivi. Kana zvakadero, zvino Jesu wakafira pasina. Munoona? Ndinotenda kuti murairo chete waMwari, munoona, kutaridza kuti waregererwa. Asi kubhabhatidzirwa kucheneswa, kwete, Ha-Ha-Handitendi izvozvo. Handitendi kuti mvura inobvisa zvivi.

70 Uyezve handitendi kuti chingwa ichi, nomukombe uyu zvine chazvinoita kwauri, kunongova kuchengeta murairo watakapiwa naMwari. Munoona? Ndizvozvo. Kubhabhatidzwa mumvura zvimwechete. Takasungirwa kuzviita, akasiirwa muenzaniso. Akaita izvi uve muenzaniso.

71 Zvino, "Saizvozvo-vo," ndima 25:

> *Saizvozvo vo, vakati vapedza kurayira, akatora niukombe, akati: Mukombe uyu ndiyo sungano itsva muropa rangu; itai izvi, nguva dzose kana muchinwa, muchindirangarira.*
>
> *Nokuti nguva dzose* . . . (Rangarira zvino!) . . . *Nokuti nguva dzose, kana muchidya chingwa ichi, kana kunwa mukoimbe uyu, munoparidza rufu rwaShe, kusvikira aciiiuya.* (Kusvikira rinhi? "Kusvikira Achivuya!" Maona? Maona?)
>
> Naizvozvo mumwe nomumwe unodya chingwa ichi, kana kunwa mukombe waShe, nomutovo usina kufanira, uchava nemhosva yomuviri neropa raShe.

72 Regai ndimire zvishoma. Chikonzero akataura izvi, maona pane imwe ndima, mune chimwe chitsauko, kuti akati, "Ndinonzwa kuti pamu-pamunoungana munodya, vamwe vanobatwa patafura yaShe." Havana kuzvinzwisisa, munoona. Vaigutisa, maona. Sezvinoita vanhu nhasi, kurarama upenyu hwakaipa vachitora chirairo. Munoona? Iye akati, "Munedzimba kwamungadyira, munoona. Asi uyu murairo watinofanira kuchengeta, munoona." Zvino:

> *Zvino munhu ngaazviidze, kuti adye chingwa ichi achidaro, nokunwa mukombe uyu.*
>
> *Nokuti unodya nokun wa, asinganatsi kunzwisisa muviri waShe, unozvidyira nokuzvinwira kurobwa.* (Maona?)

73 Uri chii? Uri muKristu, unorarama pamberi pavanhu somuKristu. Ukadya usingararami somuKristu, haunzwisisi muviri waShe. Uri kuisa chigumbuso pamberi pomumwe munhu, munoona, vachikuona uchiita izvozvo usingararami sozvounofarirwa. Munoona, haunzwisisi muviri waShe. Zvino tarira zvazviri . . . kutukwa kwacho:

> *Nemhaka iyi vazhinji varipo pakati penyu vasine simba, vanorwara; vazhinji vavete.* (Dudziro chaiyo apa,

Hama Pearry, "Kufa", Munoona? Munoona, "vazhinji vakafa")

Nokuti dai taizviidza isu timene, hataizorohwa. (Munoona, kana tichizviidza hatizorohwa. Munoona?)

Zvino kana tichitongwa, tinorangwa naShe, kuti tirege kutongerwa kurashwa pamwe chete nenyika, (Munoona, kusambobatwa nenyika.)

Naizvozvo, hama dzangu, kama muchivunganira pakudya, miriranai. (Munoona?)

Kana munhu ane nzara, ngaadye kuniba kwake kuti niurege kuvunganira kutongwa. Zviniwe zvakasara ndichazvigadzira kana ndichisvika. (Maona?)

74 Zvino mamwe mazwi, usangouya kuzotora se... Sezvandataura kumashure, zvaiitwa namaJuda, chibairo chavo, vai...zvaishamisa, vakarairwa naMwari, asi vakasvika pavanga vasingartatendeki nokuremekedza nenzira yacho, zvino zvikava chi-chinonhuwa mumhino Dzake.

75 Zvino zvinoenzana nokuuya kwedu kutafura yaShe, kuti, tinofanira kuuya tichiziva zvatiri kuita. Zvaunoita uchipinda mumvura kundobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, unoziva zvauri kuita, uri kuratidza kereke, Mwari zvaakaita mauri, Kristu.

76 Kana tichitora izvi, zvinotaridza kereke kuti "Ndinotenda Shoko rimwe nerimwe raMwari. Ndinotenda kuti ndiye Chingwa choUpenyu chakabva kuDenga. Ndinotenda Shoko rose raAnotaura kuti Ichokwadi. Ndinorarama naro pakuziva kwangu, Mwari achindipupurira. Nokudero, pamberi pehama dzangu, nehanzvadzi dzangu... Ha... Handituki handiiti zvinhu izvi, nokuti ndinoda Ishe, Ishe anozviziva uye anondipupurira. Nokudero, pamberi penyu, ndinotora chingwa, kuziva kuti handitongwi nenyika." Munoona, izvoka, chinova chiropafadzo.

77 Uye, rangarirai, ndingapa zvapupu zvakawanda apa, pandakatora izvi ndikatsanangurira vanorwara, vakapora.

78 Rangarirai, vaIsraeri pavakatora mufananidzo wechirairo, vakafamba makore makumi mana murenje mbatya dzavo hadzina kubvaruka pakanga pasina ndonda pakati pa-pavo, namamirioni maviri avanhu somufananidzo wanhasi. Zvino, ko chaicho chinodini? Kana muviri wegwayana wakavaitira izvozvo, ko Muviri waJesu Kristu, Emanueri, unozotiitirei? Tiuye nokuremekedza. Tiuye nokuremekedza kose kwatingagona.

CHIRAIRO SHO65-1212
(Communion)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo manheru, Zvita 12, 1965, kuTucson Tabhenakiri muTucson, Arizona, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1989 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org